Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 44 (7288)
27 октябрь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Юбилей

## Гумбеталъулаз имам Шамиль кIодо гьавуна




2I октябралда Гумбет районалъул Басрияб Аргъвани росдада цебе бугеб Кавказалъул рагъул саназда имаматалъул щулалилъун букIараб ГъацIакари платоялъул майданалда тIобитIана имам Шамиль гьавун 220 сон тIубаялде буссараб тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Унсоколо районалъул имам Гъ-М. Абакаровас ва коллегабаз ахIун нилъер районалъул «Ахихъан» газеталъул редактор С. КъебедмухIамадовалъ.

Юбилеялъулаб тадбиралде ахIунругоан Дагъистаналъул гIемерал районаздаса, шагьараздаса, тIолабго Северияб Кавказалдасаго гIадамал. Гьалбадерида дандчIвай гьабуна Гумбет районалъул бетIер ХI-М. МухIамадовас, республикаялъул диниял ишазул комитеталъул пред. М. ГIабдурахIмановас, Дагъистаналъул муфтиясул зам. М.



Мангулаевас ва цогидазги.

Тадбиралъул программаялде байбихьана хирияб Къуранaлдаcа аятал цIалиялдасан. Гьелъул гьаракьалда гьоркь майданалде гьулчун рачIана художественнияб сценариялда гьоркь кьан чIоларел чуязда рекIарал имам Шамилил гьесул мюридзабиги. Гьез жакъасел гIадамазе ахIулеб букIана унго-унгоял гIадамаллъун рукIа,-ян. Гумбет районалъул бетIер ХI-М. МухIамадовас жиндирго кIалъаялда бицана личность хIисабалда имам Шамилил дунялалъего бугеб кIвaралъул. Гьес абуна: «ХIурматиял гьалбал ва районалъул гIадамал! Салам кьола, нужее, цIар арав пачалихъиявгун диният хIаракатчи, Кавказалъул миллияв бахIарчи, рухIияв цевехъан, кIудияв имам Шамиль кIодо гьавизе рачIаралъухъ! 20I7 соналъул 2 маялда республикаялъул БетIерас бахъараб Указалъул пункталги гIумроялде рахьинарулаго имам Шамиль кIодо гьавиялде руссарал гIемерал тадбирал тIоритIана районалда. Жакъа нилъеца гьабулеб буго гIолеб гIелалъе рухIиябгун гIамал-хасияталъул, ватIан бокьиялъул, спортивиялгун халкъиял тадбирал гьорлъе рачараб имам Шамиль кIодо гьавиялде буссараб тадбир. Нилъ рохарал руго нужеца гьеб тадбиралда гIахьаллъи гьабулеб букIиналдаса. РакI-ракIалъ кьабул гьарула нуж гьаб гьайбатаб ракьал да!

Имам Шамилил цIаралъ бихьизабула бахIарчилъи, цIар-рецц, гIакьиллъи, тIадегIанлъи. ГIемерал захIматал саназ имамасул образалъ кумек гьабуна Кавказалъул гIадамазе захIмалъаби къвинаризе, гьесул гIумроялъул дарсал киналго заманабазда данде ккола. КIудияб ВатIанияб рагъул саназда тушбабазде данде бахъана халкъалъ гIарац бакIарун гьабураб, Шамилил цIар кьураб танкабазул колонна. Жакъа нилъеца цIар гьабулеб буго цIар арав имамасе ва гьесул мюридазе, кIудияб



Кавказалъул рагъул бахIарзазе. Нилъер районалъул гьаб майданалдаги бихьана Кавказалъул рагъул кьогIлъи. Гьанир хвана азаргоялдаса цIикIкIун рагъухъан. Аллагьас гьезие алжан насиб гьабун батаги!»

ДанделъиялдакIалъана М. ГIабдурахIманов, М. Мангуев, гIемерал цогидалги. Унго-унголъунги гIенеккаразда магIу ккезе кIолареб кIалъай гьабуна Унсоколо районалъул имам Гъ-М. Абакаровас. «ХIисаб гьабе тIаде квен, кумек гьечIеб «АхIулгохIил» ва гьанир ккарал рагъазда кинал захIмалъаби имам Шамилида дандчIваралали. ГIадада чIвалел ругел дагъистаниял рекIее захIмалъун ана гьев кверде. Амма кидаго къуркьичIо яхIалъул, къуваталъул рахъалъ. ГIадамаздаги, пачаясдаги, Аллагьасдаги цеве гьев вукIана ритIухъав дагъистаниявлъун»,-абун.

Имам Шамиль кIодо гьавиялъул тадбиралда киналго Кавказалъул рагъда хваразе гьабуна дугIа-алхIам. Гьезул рухIазе сайгъат гьабуна унго-унгояб магIарул квен.

Гьебго заманалда унел рукIана спортивиялгун массовиял къецал. Ахиралда рекеризе риччана чуял. Гьенир г1ахьаллъана Гумбет районалъул гурелги мадугьалихъ ругел районаздаса ва Чачаналдаса чуял. Х1алуцара рук1ана гьел риччаялъул къецал.

Ниж, редакциялъул вакилзаби щвана Басрияб Аргъвани росулъ рукъарал, тадбир т1обит1улеб майданалда ч1варал мюридазул хабалазде, цогидалги тарихиял бакIаз де.

Къокъго абуни нилъер цIар рагIарав бахIарчи имам Шамиль гьавун 220 сон тIубай гумбеталъулаз кIудияб адабалда кIодо гьабуна. Ц1ик1к1араб адаб-хIурмат гьабулеб букIана гьез тадбиралде рачIарал гьалбаде рил.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

## Дагъистаналда - Россиялъул тарихияб парк



Араб анкьил ахиралда районалъул культураялъул отделалъул хIалтIухъаби бетIерлда начальник ГI. ГIабдулаевгун гIахьаллъана МахIачхъалаялда КIудияб мажгиталда дандбитIун регионалияб ахIвал-хIалалда Россиялдаго кIудияб тархияб «Россия – дир тарих» абураб мультимедийниябгун тарихияб парк рагьиялда. Гьенир гIахьаллъана ва мастер-класс бихьизабуна ансадерил махщелчагIазги.

Паркалда лъай-хъвай гьабизе бегьула некIсияб Россиялъул тарихалъулгун. Гьелъ жанибе бачуна I000 цIикIкIун соналъ цебе букIараб Россия государство х1исабалда цебетIеялъул замана. Гьениб щибаб тарихияб этап лъазабизе бегьула видеостендаздасан, панорамниял кинотеатраздасан. Гьединго музеялде кьун руго Россиялъул церегосел рагъазул 3 Д-реконструкция.

Дагъистаналда гьединаб тарихалъул бакI рагьиялдаса нилъ рохизе кко ла.

## КIвар бугеб суалгун

I9 октябралда районалъул администрациялъул конференцзалалда букIана иргадулаб заседание. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул кумекчи М. ХIажиев, «Служба жилищно-коммунального хозяйства» МКУялъул нач. А. ГIабдулхаликъов, райадминистрациялъул аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиева, муниципалияб жилищнияб хъаравуллъиялъул инспектор А. МухIамадов, росабазул вакилзаби.

Заседаниялда гьоркьор лъуна ГИС ЖКХ ва ФИАСалъул гьаб сонис бугеб программа гIумроялде бахъинабиялъулхIакъалъулъ суал. Данделъиялъул байбихьудаго А. ГIабдулхаликъовас бичIчIизабуна гьеб программаялъул хаслъабазул.

(Ахир 3 гъумералда)

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 44 (7188)*

*27 октябрь 2017 сон*



Лъай кьеялъул федералияб хъулухъалъ лъазабуна Дагъистаналда бащдаб къадаралда гIодобе ккезабизе кIванин лицензиял гьечIел цIалул заведениязул къадар. 63 ВУЗалъ ва филиалалъ гIолилазе кьолел рукIана гIицIго дипломал. Гьединал заведениязул къадар 60 проценталъ гIодоре ккезаруна.



## Мактаб

# Шамиловазул мисал

## яги гIагараб школалъе кьураб гIумро

Вацал Шамиловал - МухIамад, ГIабдулпатахI ва АхIмад ккола ГIашилтIа гьоркьохъеб школалъул бищунго хIурматиял ва адабалъе мустахIикъал учительзаби. Гьезул щивас жидерго тIолабго гIумро кьуна педагоглъиялъе.

Бищунго кIудияв вац МухIамад школаги лъугIизабун цIализе лъугьана доб мехалда гьанжего гьанже рагьараб Дагъистаналъул педагогическияб институталде ва вукIана математическияб факультеталъул тIоцебесеб выпускалъул цояв. 23 сон гIумроялъул бараб мехалъ гьев тIамуна ГIашилтIа байбихьул школалъул директорлъун. 26 соналъ гьеб школалдаги хIалтIун жиндирго учителасулаб хIалтIи гьабуна 2005 соналде щвезегIан. Гьесул лъабайго яс ана инсул нухдасан, рахъана мисалиял учительзабилъун.





КIудияв вацасул мисалалда хадувги ун гьоркьохъев ГIабдулпатахIги школа лъугIарабго цIализе лъугьана Буйнакскиялъул педучилищеялде. I963 соналда цIидасан цIализе лъугьана пединститутлъул географиялъул факультеталде ва I952 соналдаса нахъе гIемерал соназ хIалтIана школалъул завучлъун.

Бищунго гьитIинав АхIмадицаги тIаса бищана педагоглъи. I955 соналда цIализе лъугьана Североосетинскияб пединституталде, лъугIана математическияб факультет. ТIад вуссарабго гIагараб школалде математикаялъул учительлъун хIалтIизе лъугьана. ГIезегIан соназ АхIмад учительлъун хIалтIана цогидал росабазул школазбаги, масала, Унсоколо, Генуб. Хадув цIидасанги гIагараб школалда хIалтIана.

Вацал МухIамад ва ГIабдулпатахI ккола захIматалъул ветеранал ва гьабсагIаталда мустахIикъаб хIалхьиялда руго. ГьитIинав АхIмад абуни 200I соналда Аллагьасул къадаралде щвана.

Шамиловазул щивас жидерго гIумроялъул кIудияб бутIа лъуна педагоглъиялъулъ. Дагьал махщел бугел лъимал гуро жидерго хIалтIулал соназа къватIире риччарал ва гьезул щивас жакъа баркалаялъул рагIаби абулел рагIула школалъе унго-унголъунги ракI кьурал вацазул хIакъалъулъ.

Цере рукIарал ученикал жакъа гIемер щола жидерго гIакълучагIазухъе. Ва жакъа гьезул щивас абула жидее Шамиловазул кумек жакъаги хIажат бугин, кигIанго гьел жакъаги гьезул наставникаллъун ругониги.

Педколлективалъ гIемер абула гьединал махщалил хIалбихьи бикьулел гIадамал жеги ругелани, нилъер улкаялда лъай



бугел гIолилаз улка тIегьазабилаанилан. Жидерго ветераназе сахлъи гьарулеб буго школалъул коллективалъ.

Суратазда: **МухIамад, ГIабдулпатахI ва АхIмад ШАМИЛОВАЛ**

# Саназде рахинчIезул тIалабалда



24 октябралда букIана саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ райадминистрациялда цебе бугеб комиссиялъул заседание. Гьеб бачана комиссиялъул жавабияй секретарь П. НурмухIамадовалъ. ГIахьаллъана районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатов, юрист У. Бартыханова, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов, саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ районалъул инспектор ХI. Чупанов ва цогидалги.

Комиссиялъул заседаниялда ралагьана I0 соназде рахинчIел лъималаз гIадлу хвезабиялъул административиял делабазухъ, I6 сониде рахинчIел гьезулгун гьабулеб тарбия кьеялъул хIалтIуда хурхун эбел-инсул тIадал ишаздаги тIадчIей гьабуна гьениб.

Заседание рагьун тIуразаризе цере лъурал суалазул бицана П. НурмухIамадовалъ. Жиндирго кIалъаялда ХIусен Чупановас бихьизабуна: «Унеб буго цIалудалъун жанире рачинчIел ва цогидалги тарбия-лъай кьеялъул процессалда гьоркьор гьечIел, саназде рахинчIел лъималазда хадуб хал кквей. Гьеб букIине буго тIубан цIалул сон лъугIизегIан. КъватIир чIвазарун руго саназде рахинчIел лъималаз гьарурал гIемерал административиял закон хвезариял, лъазарун руго гьединал лъималги, ай 8 классалда цIализе ккулел, жал школалде хьвадулел гьечIел. Аслияб къагIидаялда гьел руго рагIи данде кколарел, захIматаб материалияб ахIвал-хIалалда ругел хьизаназдаса лъимал. ХIажат буго гьединал хьизаназе материалияб, социалияб кумек гьабизе, цIалуде цIазе, ай данде кколеб цIалулгун тарбия кьеялде гьорлъе рачине».

Гьединго совещаниялда кIалъазе рахьана бетIерасул замасул ишал тIуралев М. ХIамзатов, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул отделалъул нач. А. МухIастанов.

Комиссиялъул заседаниялда данде кколеб хIукмоги гьабуна: гьел лъимал профилактикияб учеталда лъезе, штрафал рахьизе, социалияб хьезариялъул учеталда лъезе, гIагаразул рахьалдасан гьединго данде кколел органазул гьезда хадуб хьававуллъи гьабизе. Гьединго районалъул лъай кьеялъул отделалда тIад кьана гьединал лъималазе данде кколеб цIалул къагIидаби ургъизе, гIаммаб лъай кьеялъул школазде тIад руссинаризе, гьединал лъимал цIалулел школазул директоразул хIалтIуда хадуб хал ккезе.

## Туризмалъул специалистал-районалда

Дагъистаналда туристазе интересал бакIазул хал гьабизе районалде щвана Минтуризмалъул специалистал. Гьез чанго кьоялъ Севернияб Кавказалъулго территориялда гьединал бакIазул цIех-рехал гьарулел руго. Туристазулал маршрутазул, гьалбадерил рукъзабазул, гьелъие ругел ресазул цIех-рех гьабуна: туризмалъул ва рекреционнияб комплексалъул управлениялъул начальникасул зам. Ш. Муриловас, проектнияб офисалъул отделалъул нухмалъулей Н. ГIумаровалъ, экспертазул бетIерай специалист Н. Закриевалъ. Гьелгун цадахъ бакIазде щвана бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева.

Гьезул хIалтIул программаялда рукIана ГьаракIуни, Майданск, Рихьуни росабалъе щвей. Проекталда рекъон туристлъиялъул маршрутазул ва гьалбадерил рукъзабазул паспортизация гьаби.

Гьел росабазул туристлъиялъе данде кколел инфаструктураялдаса разиго хутIана гьалбал, къимат кьуна нухазда хIинкъи гьечIолъиялъе, рази гьаруна гьалбдерил рукъзабаз тасдикъ гьабуна гьезул паспортизация.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 44 (7188)*
*Рузман*
*27 октябрь 2017 сон*



Учитель вокьула лъимал рокьулев
Лъималазе лъикIаб тарбия кьолев,
МугIалим вокьула гIакълу цIикIкIарав
ЦIалдолезе гIелму гIорлъун чвахулев.

Чанха халлъуларев хашав учитель-
Учузал дарсазухъ гIарац босулев,
ГIелмудал рагIалда хиял хIинкъарав,
ХIурматаб цIаралда пенсия щварав.



**ГIолохъанлъи**

# КIвар бугеб суалгун



«Нилъеца гьеб программа халкъалдаго бичIчIизабизелъун, ай гьезда жидерго лицевиял счетал, гьединго расходазул ва гьарулел хъулухъазул лъазабиялъе хIалтIи гьабуна. ТIоцебесеб иргаялда букIине ккола рукъзал тIад хъваялъул хъвай-хъвагIай, байбихьизе ккола инвентаризация. Гьеб байбихьизе ккола рукъалъул гIаммаб площадалдасан, бихьизабизе ккола этажазул къадар, кадастровияб номер, рукъалъул бугеб хIал, бараб заман, жанир гIумро гьабулел ва гь. ц. Нилъер масъала ккола ГИСалде, ЖКХялде гьеб информация боси. ГIуцIе группаби, росе бажари бугел хIалтIухъаби, жанире рачине ккола киналго рахъал, киналго хиса-басиялгун цадахъ»,-ян лъугIизабуна гьес кIалъай.

Суалалъул технический рахъалъул бицана муниципалияб жилищнияб контролалъул инспектор А. МухIамадовас.

Гьединго заседаниялда бицана росабалъ лъим чIезаби, мусор бак1ариялъул, канализациязул.

ХIасилал гьарулаго М. ХIажиевас киналго росабазул вакилзабазда гьарана гьеб суалалъухъ кIвар кьун балагье,-ян, гьединго бихьизабуна цIияб соналде хъвай-хъвагIай гьаби рагIалде бахьине кколиланги.

## Дагьабго гьими

# Эмен футболалъухъ валагьун вуго...

Лъималазул ахикье цIияй воспитательница ячIун йи-кIана. Къасдеялде киналго лъимал эбел-инсуца рачун ана, гIицIго цо лъимер хутIана песо-калда васандулев. Воспитательницаялда ургъел чIвала ва гьикъула «Дуда хадув щив вачIине кколев?,-ян. «Эмен»,-ян жаваб кьола васас.

-ЛъикI буго, эмен вачIина,-ян гIодор чIола жеги. ВачIунаро гьев. Садик чIобоголъана, цо охранник хутIана, цIехезе чи гьечIо. Ралагьана эбел-инсул списокал ва васасда гьикъула:

-«Дур цIар щиб?»

-Петя Смирнов!

Гьелъ киналго списокал ц1алула, гьечIо гьединаб лъимер, рес кьотIула, рокъоедай вачина! Гьединаб мехалъ лъимер гIодобе биччазабизе ккола, гьениб абуни воспитательница…

-Кив вугев дур эмен?

-ХIалтIуда.

-Кида гьев дуда хадув ва-чIунев?

-Гьев вачIунаро.

-Щай?

-Футболалъухъ валагьун вуго. Гьев футболалъухъ балагьун вугеб мехалда гьесда кIалъазе бегьуларо.



-Гьев футболалъухъ вала-гьунищха вугев?

-Уха.

-Щиб хIалтIи гьесул бугеб футболалъухъ валагьун вукIине?

-Гьев вуго охранник.

-Кив?

-Ясли-ахикь

-Кинаб?

-Гьанивха. Гьаб ясли-ахикь. Гьес дида абуна «Футбол лъугIизегIан дир берда цевеса тIагIа!»,-ян. Гьале дунги гIодов чIун вуго.

-Мун щай унарей? Мунги футболалъухъ балагьизегIан рокъоса къватIиейищ гьу рай?

# Ашура Абдулаева: «Один в поле не воин»



Как, известно, в современной школе родители и дети общаются только с учителем и представителями администрации. Но для того, чтобы процесс обучения и воспитания был более успешный и продуктивный, в современной школе еще есть психолог, социальный педагог, завуч по воспитательной работе. Часто родители даже не знают, что входит в их должностные обязанности и с какими вопросами они могут к ним обращаться за помощью.

Какая работа проводиться социальным педагогом, и какие у него обязанности, в своем интервью нам поведает Ашура Абдулаева – социальный педагог Шамилькалинской СОШ, победитель конкурса «Лучший социальный педагог года».

**-Расскажите о себе. Как долго работаете?**

- Родилась я в с.Унцукуль, там же пошла в школу. Окончив Унцукульскую СОШ №1 на золотую медаль поступила в Дагестанский Государственный университет на социальный факультет, который также окончила на отлично. По окончании учебы я устроилась на работу на «Станцию детско-юношеского туризма и экскурсий»- методистом. Проработав там несколько лет, устроилась на работу в Шамилькалинскую СОШ непосредственно по своей специальности.

**-Почему Вы выбрали именно эту профессию?**

- Сказать, что я конкретно выбирала именно эту профессию, я не могу. Такая профессия на рынке труда появилась только в 2000 году, и никто толком не понимал что это такое, что за профессия. Ну как психологи в то время, хотя в их случае хоть более или менее было понятно людям. А социальная педагогика вообще на тот момент как специальность, людям была не знакома. Но по воле судьбы я поступила именно на это факультет, и никак не сожалению об этом.

В последующем устроившись в школу, у меня коллеги даже интересовались что это за работа, так как специфика моей работы была не всем известна. Но со временем всем все стало понятно.

**-Довольны ли Вы своим выбором?**

- В принципе да, довольна, работа нравится. Бывают, конечно, в работе и отрицательные моменты, но это меня не пугает.

**-Нужны ли какие – то особые качества и навыки человеку, который хочет стать специалистом в этой области?**

- Да, безусловно, очень даже нужно. Такими же качествами, которыми должны обладать и педагог и психолог, должен обладать и социальный педагог. Он должен уметь в первую очередь общаться с детьми, быть коммуникабельным, должен устанавливать контакты с детьми. Если контакт с детьми, их родителями и учителями не установлен, то и работать тоже невозможно.

**-Что самое интересное в вашей работе?**

-Самое интересное- это наверное, сама работа с детьми. Непосредственно, например, когда я веду занятия, а занятия бывают на разные темы, я стараюсь затрагивать такие вопросы , которые более или менее интересны детям . Как например темы про наркотики и их вреде, правонарушения и т. д. Во время таких занятий происходит своеобразный взаимообмен информации. Это конечно интересно. Также про профессии тоже бывает интересно детям послушать. Про выбор профессии, как жить дальше, как добиваться каких- то целей в жизни и многое другое.

**-В чем состоит Ваша работа?**

- Контингент детей разный. Это и дети из малообеспеченных семей, и дети – сироты, дети, оставшиеся без попечения родителей. А еще есть дети – трудные подростки, которые пропускают уроки, плохо учатся, проступки какие -то могут быть в школе у них. Как у них с посещаемостью в школе, как они на уроках себя ведут, как они усваивают образовательную программу, прослеживать как дети ведут себя в школе вообще и насколько им комфортно в ней,- вот с такими именно детьми я и работаю. Кроме того, и с родителями непосредственно надо общаться, посещать на дому, вести беседы.

**-Какие профессиональные достижения Вы считаете самыми главными?**

- Благодарность детей и их родителей -самое главное достижение я считаю для педагога вообще , не только для социального. Когда родители ценят мой труд и идут на контакт – вот высшее достижение.

**-Как влияют Ваши воспитанники на Вас?**

- Очень хорошо влияют. Как говорилось мною ранее, во время бесед с ними у нас происходит взаимный обмен информации, ведь самое главное при работе с детьми -иметь тесный контакт с ними.

**-Находите понимание со стороны родителей и детей?**

- В начале конечно родители не особо понимали в чем суть моей работы . Я приступив к своим обязанностям к примеру, начала работу с того , что составила список трудных детей и посетила семью, посредством прихода к ним домой . Это было как-то непонятно некоторым родителям в силу того, что они не были осведомлены моей деятельностью и такое не практиковалось ранее. Но со временем ознакомившись с моей работой поближе, я нашла понимание с их стороны.

**-Каковы будут Ваши пожелания?**

- Есть такая поговорка –«один в поле не воин». Какие бы проблемы в школе у ребенка не были, один человек их решать не может. Ученики, родители, учителя и др. работники школы должны работать во взаимосвязи. Если этой взаимосвязи нет, то и работа не получится. Взаимосвязь-вот мое пожелание.

**-Ашура Магомаалиевна, благодарим Вас за содержательную беседу. Пользуясь случаем, хотим Вас поздравить с вашим профессиональным праздником – Международным днем социального педагога, и пожелать Вам успехов в работе, реализации новых идей и проектов!**

# М. Дахадаев ракIалде щвеялъе

2I октябралда Унсоколо росулъ бугеб цIияб спорткомплексалда унеб букIана М. Дахадаев ракIалде щвезавиялъе тIоритIулел 2000 соназда гьарурал лъималазда гьоркьор эркенаб гугариялъул рахъалъ первенство. Гьеб гIуцIараллъун цере рахъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов, районалъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва споpталъул отдел.

Къецазда гIахьаллъи гьабуна районалъул спортивиял школазул батIи-батIиял категориязул 24-63 кг. цIайи бугел гIолилаз. Рохалилал къецал рагьиялда гIахьаллъана бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIамзатов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, информационнияб хъулухъалъул нач. М-Н. ХIайбулаев, халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадов, М. Дахадаевасул наслуялъул чи М. Дибиров ва цогидалги.

Къецал рагьулаго С. АрулмухIамадовас абуна: «Спорталъулъ гIахьаллъулаго нужеца гIезарулел ва тарбия кьолел руго цIиял спортсменазе, тIибитIизабулеб буго массовияб спорт ва гIумро гьабиялъул сахаб къагIида, цIунулел руго районалъул спортивиял гIадатал, гIун рачIунел гIисинал спортсменазе рес кьолеб буго жидерго къуват ва бажари борцине»,-абун. Хадуб гьес баркана спортсменазда ва гьалбадерида пенвенство рагьи, гьарана лъикIал хIасилал. Гьенивго кIалъазе вахарав Унсоколо гьоркьохъеб школалъул цIалдохъанас бицана М. Дахадаевасул автобиографиялъул.

ГIисинал гугарухъабаз кидаго гIадин гьаб нухалдаги бихьизабуна бажари, гъира ва бергьенлъиялде бугеб хIасрат. ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIал жидедаго гьоркьор рикьана 46 турниралъул гIахьалчияс. Гьезие щвана призалъулал бакIал, кьуна



медалал, баркиял, грамотаби ва гIарцулал сайгъаталги.

Ахиралда къецал гIуцIараз баркала загьир гьабуна тадбиралда гIахьаллъаразе, гугарухъабазе ва балагьизе рачIаразе кверчIвай гьабуралъухъ.

## *ЦIоросаролъил нах-мозгалъе*

ЦIоросаролъил нахулъ буго гIемер F витаминал ва фосфотидал – гIадалзул нахуе кутакалда пайда бугел жал. Е витаминалъ гIодобе ккезабула херлъиялъул ин, гьелда гъорлъ кIиго нухалъ цIикIкIун буго гьеб витамин семичкадул нахуда дандеккун. Гьеб продукт пайдаяб буго гIакълуялъулаб хIалтIуда ва цIалуда ругезе. Нахулъ руго лицетин тромбол лъугьиналде данде чIолеб вещество. Гьелъ хехлъизабула депрессиялдаса рорчIизе бажари.

ЦIоросаролъил нах тIезе бегьула салатазде, лъикIаб буго тушениялъе ва бежизе. ЛъикIго данде ккола гьанае, овощазе, крупабазе.

Семичкадул нахулъ гIадин гьалдезабидал гьелъулъ тIатунаро заралиял жал, гьеб бухIулаго тIад полоп баларо.

**БичIчIа:** жаркоялъе данде ккола дезодорированнияб рефинированнияб нах, заправить гьабиялъе нерафирированияб.

**ЛЪАЗАБИ**

2008 соналда Майданское росдал гьоркьохъеб школалъ МухIамадова СалихIат ГIабдулхаликъовналъул цIаралда кьураб, тIубарб гуреб гьоркьохъеб лъаялъул № 05 Б Б 470092209 бугеб аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

# Куда пойти учится?

Военный комиссариат Унцукульского района Республики Дагестан делает определенную работу по организации работы по военно-профессиональной ориентации граждан с целью их поступления в военные учебные заведения высшего профессионального образования МО РФ, суворовские училища, военные учебные центры.

Военный комиссариат Унцукульского района Республики проводить набор кандидатов в военные училища высшего профессионального образования МО РФ и суворовские училища

| № | Наименование военно-учебных заведений | место дислок. |
|---|---|---|
| 1 | Московское высшее общевойсковое командное училище | ЗВО |
| 2 | Казанское высшее танковое командное училище | ЦВО |
| 3 | Новосибирское высшее военное командное училище | ВВО |
| 4 | Дальневосточное высшее общевойсковое командное училище (г. Благовещенск) | ВВО |
| 5 | Рязанское высшее воздушно-десантное командное училище (военный институт) | ЗВО |
| 6 | Тюменское высшее военно-инженерное командное училище (военный институт) | ЦВО |
| 7 | Михайловская военная артиллерийская академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 8 | Военная академия войсковой противовоздушной обороны ВС. РФ (г. Смоленск) | ЗВО |
| 9 | Военная академия войск РХБЗ (г. Кострома) | ЗВО |
| 10 | Военно-учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия» (г. Воронеж) | ЗВО |
| 11 | Военно-учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия» (г. Сызрань) | ЦВО |
| 12 | Военно-учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно-воздушная академия» (филиал г. Челябинск) | ЦВО |
| 13 | Краснодарское высшее военное авиационное училище летчиков | ЮВО |
| 14 | Военно-космическая академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 15 | Военная академия воздушно-космической обороны (г. Тверь) | ЗВО |
| 16 | Ярославское высшее военное училище противовоздушной обороны | ЗВО |
| 17 | ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (г. Санкт-Петербург) Военный институт (военно-морской) | ЗВО |
| 18 | ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (г. Санкт-Петербург) Военный институт (военно-морской политехнический) | ЗВО |
| 19 | ВУНЦ ВМФ «Военно-морская академия» (филиал г. Калининград) | ЗВО |
| 20 | Тихоокеанское высшее военно-морское училище (г. Владивосток) | ВВО |
| 21 | Черноморское высшее военно-морское училище (г. Севастополь) | ЮВО |
| 22 | Военная академия РВСН (г. Балашиха, Московская область) | ЗВО |
| 23 | Военная академия РВСН (г. Серпухов) | ЗВО |
| 24 | Военная академия связи (г. Санкт – Петербург) | ЗВО |
| 25 | Краснодарское высшее военное училище | ЮВО |
| 26 | Череповецкое высшее военно-инженерное училище радиоэлектронике (г. Череповец Вологодская область) | ЗВО |
| 27 | Военный университет (г. Москва) | ЗВО |
| 28 | Военная академия материально-технического обеспечения (Петербург) | ЗВО |
| 29 | Военная академия материально-технического обеспечения военный институт (железнодорожных войск и военных сообщений) (г. Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 30 | Военная академия материально-технического обеспечения (г. Санкт-Петербург) военный институт (инженерно-технический) | ЗВО |
| 31 | Военная академия материально-технического обеспечения (филиал г. Вольск) | ЦВО |
| 32 | Военная академия материально-технического обеспечения (филиал. Пенза) | ЦВО |
| 33 | Военная академия материально-технического обеспечения филиал г. Омск) | ЦВО |
| 34 | Военное медицинская академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 35 | Военный институт физической культуры (г. Санкт-Петербург) | ЗВО |
| 36 | Петербургский военный институт ФСВНГ РФ (г. С-Петербург) | ЗВО |
| 37 | Саратовский военный институт ФС ВНГ РФ (г. Саратов) | ЦВО |
| 38 | Пермский военный институт ФС ВНГ РФ (г. Пермь) | ЦВО |
| 39 | Новосибирский военный институт ФС ВНГ РФ (г. Новосибирск) | ЦВО |
| 40 | Академия гражданской защиты МЧС России (г. Москва) | ЗВО |

Желающие поступить в военные образовательные учреждения по всем вопросам могут обратиться в военный комиссариат Унцукульского района. **(тел. 55-10-22, 55-10-23)**

**Ш. МАГОМЕДОВ. Военный комиссар Унцукульского района.**

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 26. 10. 17 г. 16. 30
фактически -16. 40 мин.
..........................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.